ФИФЕ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕЙ ЛЫ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№231 (21.389) ● 2008 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 2, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

КъБР-м и гъуэгухэр нэхъыфІхэм хабжэ

«Кавказ» федеральнэ гъуэгум Налшык кьалэм кьыпэзыкІыхь и Іыхьэм хьубхуэду щэкІуэгъуэм и 29-м гъуэгу зэхэкІыпІэщІэ кьыщызэІуахащ. Абы теухуа гуфІэгъуэм хэтащ КъБР-м и Президент **Кьанокьуэ Арсен**, УФ-м Транспортымкіэ и министерствэм Гъуэгу хозяйствэмкІэ и федеральнэ агентствэм и унафэщІым и кьуэдзэ **Чабунин Анатолий**, Урысей Федерацэм Транспортымкіэ и министерствэм Гъуэгу хозяйствэмкІэ и федеральнэ агентствэм Кавказ Ищхьэрэм и автомобиль гъуэгуэжмкІэ и управленэм и унафэщІ **Макиев Гайоз**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Ярин Андрей**, КъБР-м Транспортымкіэ, связымкІэ, гъуэгу хозяйствэмкІэ и министр **Сунш Ануарбий** сымэ. Гъуэгу зэхэкІыпІэр кьыз эрыз эІуахым тегъуэуэ ирагъэкІуэжа пэкІум щыІхь тхьылъхэмрэ ахьшэ саугъэтхэмрэ щратащ мы обьектыр щІыныжкІэ кьыхэжанымкІа ухуакІуэхэм.

«Экономикэм и дэтхэнэ Іэнатіэм дежкІи гъуэгухэм мыхьэнэшхуэ яІэщ. Абы кьыхэкІыу дэ федеральнэ гъуэгум и фІагъэм хохьуэ, ар япэ категорием хиубыдэхэм ящыщ мэхьу.

Ещанэ комплексыр Іыхьищу зэпыдауэ ящІ. Иджыпсту хьэзыр ящІа гъуэгу зэхэкІыпІэр япэ ІыхьэщІ, абы километри 3,83-рэ и кІыхьагъщ. Езы гъуэгу зэхэкІыпІэр метр 90-м щІегъу. Коллекторым щхьэпрыкІыу метр 28-м щІигъу зи кІыхьагъ лъэмык трылъхьащ. Гъэзум хухаха щІым метр 27-рэ, транспортыр щызекІуэ Іыхьэу асфальт зытелъым метри 7,5-рэ я бгъуагъщ.

Километр 12 зи кІыхьагъ, лъэмыкІу 4, гъуэгу зэхэкІыпІэу метр 390-рэ зыхьнубыдэ етІуанэ Іыхьэр 2010 гъэм яухьну я мурадщ. Ухуакіуэхэр а Іэнатіэм иджыблагъэ еувэлІащ.

Ещанэ Іыхьэр щІын яухмэ, зэрэщыту комплексыр япэ категорием и мардэхэм ящІыкІынущ. Ар федеральнэ бюджетым и мылькуІэ 2006 гъэ лъандэрэ ящІ. Комплексым и подрядІуэхущІапІэ нэхъыщхьэр Москва кьалэм щыщ «Строймостомонтаж» акционер обществэ зэхуэдэщІ. Абы субподрядчик нэхъыщхьэу кьищтащ «Партнер» ООО-р.

А псоми кьагъэлъагъуэ федеральнэ гъуэгуэр ухуэмыкІэ Кьэбэрдей-Балькъэрым щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм зэпымыуэу зэрыхэхьуэр. Апхуэдэу зэхалъхьащ щыналъэ, муниципальнэ гъуэгуэхэм зегъэужьыныкІэ программэхэри.

КЪАРЭ Тіатіушэ.



Льэмыжыр кьызэІуахащ. ГуфІэгъуэм министр Сунш Ануарбий и лъэр щІегъэкІ.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Къуажэхэм щыпсэу Іэщ1агъэлІхэм зэрадэІэпыкъу ахъшэр хущІагъу

Республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІи органым и Президиумыр и зи чэзу зэІущІэр иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Бечелов Ильяс.

ДЕПУТАТХЭР хэпльащ Парламентым и зи чэзу зэІущІэр егъэкІуэкІыным икІи ар 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м зэхуагъэсыну трауухащ. Апхуэдэу тепсэльыхьащ зэІущІэм кьыщІэтэныну Іуэхуэмэ. Президиумым хэтхэр зэгурыІуащ депутатхэр етІуанэ еджэгъуэу хэплъэн папщІэ «2009 гъэм Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхуэкіэ», «Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхыным и Іуэхуэкіэ» КъБР-м и Законым зэхъэжьныгъэхэр хэпльхьэнымк теухуауэ», «Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм и автомобиль гъуэгухэмрэ гъуэгу лэжьыгъэхэмрэ я Іуэхуэкіэ», «Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэрычэт Іуэхуэ мыинымрэ хьэрычэт Іуэхуэ курытымрэ зыщегъэужьыныным теухуауэ», «Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм и лэжьыгъэ щыкъуэныным и Іуэхуэкіэ» законопроектхэр кьыхалъхьэну. Апхуэдэу Парламентым и зи чэзу зэІущІэм щытепсэлъыхьыну я мурадщ 2009-2011 гъэхэм Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм курыт лъэхъэнэм тещІыхьа и финанс планым. Ялъ ефедэгъуэу хэплъэн папщІэ депутатхэм я пащхьэ кьралъхьэнущ «Хьэрычэт Іуэхуэ мыинымрэ хьэрычэт Іуэхуэ курытымрэ бдржэнду яІыгъ ямыгъэІэпхъуэ мылъкур къащэхужьын папщІэ абыхэм я куэдгъыпмрэ уасэхэр зэратыжьну щыкІэр зэманкІэ тепсэлъыхьауэ зэрэрагуашэхэмрэ я мардэхэм я Іуэхуэкіэ» законопроектыр.

Зэхъуэжьныгъэхэр халъхьэнущ «Профессиональнэ пэщІэдзэ щІэныгъэ, профессиональнэ курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт еджапІэу Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм и унафэм щІэтхэм очнэу щеджэ студентхэмрэ еджапІэхэмрэ я стипендиехэм я Іуэхуэкіэ», «Егъэджэныгъэм и Іуэхуэкіэ», «Унагъуэр, анэр, адэр, сабийр хьумэным и Іуэхуэкіэ» КъБР-м и законхэм.

Парламентым и Президиумым и зэІущІэм «Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыпсэу щыхъу гуп щхьэхуэхэм якІэрал социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етыным и Іуэхуэкіэ» КъБР-м и Законым и 10 статьям зэхъуэжьныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» законым и проектыр кьыщыхилъхьащ. Лэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкІэ комитетым и унафэщІ **Жанатаев Сэлим**. Абы жиІащ узынщагъэр хьумэным, щыхуэм социальнэ Іуэхутхьэбзэхэр яхуэщІынымк, физкультурэмрэ спортымрэ яныщІа Іэщ1агъэлІу кьуажэхэм щыпсэхэрэм мы зэманым къэрал социальнэ дэІэпыкъуныгъэу мазэ кьэс сом 200 зэрыратыр. Ищхьэкіэ кьыщыгъэльэгъуа щыхъу гупхэм я псэукіэр егъэфІэкІуэн мурадкІэ ягъэхьэзыра законопроектым кьеГъуэ а дэІэпыкъуныгъэр 2009 гъэм щыщыІэм и 1-м щыщІэдзауэ сом 300-м нагъэсыну.

Депутатхэр апхуэдэу тепсэлъыхьащ Урысей Фэдерацэм и адрей субъектхэм я парламентархэм законэр кьыдэгъэкІынымкІэ кьыхалъхьа жэрдэмхэм.

Кьапщтэмэ, Аграрнэ политикэмрэ щыыэпсыр къэгъэсэбэпынымкІэ комитетым и унафэщІым и кьуэдзэ **Мэремыкъуэ Сэфарбий** Президиумым хэтхэм я пащхьэ кьрильхьащ «Мэкъумэщ щІапІэу кьагъэсэбэп щІыхэр зэрызэблагъэкІым и Іуэхуэкіэ» Федеральнэ законым зэхъуэжьныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» федеральнэ законым и проектыр. Ар Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм кьыщыхалъхьэн папщІэ ягъэхьэзыращ.

Жанатаев Сэлим депутатхэр щыгъуазэ ищІащ 2007 гъэм дзэ кьулыкъым яшауэ щыІэхэм я унагъуэхэм щыщхэм ахъшэкІэ ядэІэпыкъуным, сабийуэ тху, нэхъыбэ зиІэ унагъуэхэм я псэупІэхэр ирагъэфІэкІуэныжкІэ защІэ-гъэкъуэным теухуауэ къэралым и Президентым зэрызыхуагъазэ тхыгъэхэм.

Парламентым и лэжьыгъэр кьызэгъэзэпэщынымкІэ, регламентымкІэ, депутат щэнхабзэмкІэ комитетым и унафэщІ **Махуэ Владимир** кьинсэльам едаІуэри, Президиумым хэтхэм унафэ ящІащ КъБР-м законхэр кьыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и ЩІыхь тхылъыр Евтушенко Галинэ Николай и пхъум - «Бэрбэч Хь.М. и цІэр зезыхьэ Кьэбэрдей-Балькъэр къэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт къэрал еджапІэм и медицинэ факультетым терапиемкІэ и кафедрэм и доцентым, Сокъур Евгение Михаил и пхъум - «Урысей» хьэщІэ» ООО-м и генеральнэ директорым иратыну.

Президиумым и зэІущІэм хиубыдэу Правительствэм хуэхаха сыхэтым кьышІэтащ - 2008 - 2011 гъэхэм Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм ущыпсэункІэ щынагъуэу щыт и унэхэм щІэсхэр гъэІэпэхъуэныр», «2008 - 2011 гъэхэм Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм фэтэр куэд хьу и псэупІэ унэхэр зыхуэят хуэзэу зэгъэпэщыжыныр» республикэ программэхэр гъэзэщІэным зэрелэжьыр.

БАТЫР Любэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и зэхуэсыгъуэщІэм и депутатхэр хэхыным и Іуэхуэкіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и «6» пунктым, «Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхыныгъэхэмкІэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныжкІэ я хуитыныгъэмрэ я щэхэпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхуэкіэ» Федеральнэ законым и 81.1 статьям, «Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхыным и Іуэхуэкіэ» 2008 гъэм шыщхьэІум и 5-м кьащта Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м япкъ иткІэ, Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и зэхуэсыгъуэщІэм (еплІанэм) и депутатхэр 2009 гъэм гъатхэпэм и 1-м хахыну гъэувын.

2. Мы Унафэр Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым, Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм, Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Хэсакіуэ комиссэм яхуэгъэхьын.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт официальнэу кьыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык кьалэ
2008 гъэм щэкІуэгъуэм и 25-м
№1559-П-П

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и жылагъуэхэм яІыгъ щІыхэм я кадастр уасэхэу кьагъэсэбэпынухэр гъэувыным кьрикІуахэм я Іуэхуэкіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2008 гъэм щэкІуэгъуэм и 25-м **№253-ПП**

«ЩІыхэм я кьэрал кадастр уасэхэр зэрагъэув хабзэхэр къэщтэнымк и Іуэхуэкіэ» 2000 гъэм мэлыжьыхьым и 8-м Урысей Федерацэм и Правительствэм кьыдигъэкІа Унафэ №316-м, Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм гъатхэпэм и 4-м кьыдигъэкІа Унафэ №106-рп-м япкъ иткІэ, Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. Кьэщтэн мы Унафэм щыІыгъуэу 2008 гъэм щыщыІэм и 1-м ирихьэлІэу:

Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм и жылагъуэхэм хиубыдэ щыІ Іыхьэхэм я кадастр уасэу кьагъэсэбэпынуэр гъэувыным кьрикІуахэр гуэдзэн №1-м зэритым хуэдэу;

Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм и жылагъуэхэм яІыгъ щІыхэр кадастр хьэбгуэр зэрызэпыудам тещІыхьауэ ику иту яГъэува кадастр уасэхэр гуэдзэн №2-м зэритым хуэдэу;

Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм и жылагъуэхэм яІыгъ щІыхэм муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ ятещІыхьауэ ику иту яГъэува кадастр уасэхэр гуэдзэн №3-м зэритым хуэдэу.

2. Кьару имыІэжу кьэтытэн «Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм и жылагъуэхэм яІыгъ щІыхэм я кьэрал кадастр уасэхэр гъэувыным кьрикІуахэм я Іуэхуэкіэ» Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2002 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м кьыдигъэкІа Унафэ №543-ПП-м.

Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі ЯРИН Андрей

● 2009 гъэм гъатхэпэм и 1-м КъБР-м и Парламентым и депутатхэр хах

Политикэ парту 27-м загъэхьэзыр

Урысей Федерацэм Юстицэмкіэ и министерствэм и Управленэу Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм кьызэрыдмкІэ, «Политикэ партхэм я Іуэхуэкіэ» 2001 гъэм бадзэуэгъуэм и 11-м кьащта Федеральнэ законым №95-м и 36 статьям и пункт 2-м ипкъ иткІэ, КъБР-м и Парламентым и депутатхэр хэхыным хэхакІуэ зэгуэхэнныгъэхэм я статус яІэу хэт хьуну щэкІуэгъуэм и 27-м ирихьэлІэу политикэ парту, абыхэм я щІыналъэ кьудамэу 27-рэ щыІэу кьалытащ.

АБЫХЭМ ящыщщ «Зыуэ щыт Урысей», «Граждан кьару» урысейпсо политикэ партхэр, политикэ партхэу Урысейм и Демократие партыр, Урысей Федерацэм и Коммунист партыр, «Ижьрабгъу кьарухэм я союзыр», Урысейм и Либерал-демократие партыр, Урысейм и «Яблоко» демократие парт зэгуэтыр, «Урысейм и патриотхэр», «Урысейм и Аграрнэ партыр», «Цыхуэб союзыр», «Захуагъэ зэдэщІэ Урысей: Хэку/Пенсионерхэр/ ГъащІэ» партыр, Социальнэ захуагъэм и партыр, «Щхьэнтэхэр» Урысей экологие партыр, «Мамырыгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ» Урысей политикэ партыр, УФ-м и Коммунист партым, Социальнэ захуагъэм и партым, «Урысейм и Аграрнэ партым», «Урысейм и патриотхэр» партым, «Захуагъэ зэдэщІэ Урысей: Хэку/Пенсионерхэр/ ГъащІэ» партым, Урысейм и Либерал-демократие партым, «Ижьрабгъу кьарухэм я союз» партым, Урысейм и Демократие партым я Кьэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ кьудамэхэр, «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и Кьэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ кьудамэр, «Цыхуэб союз» политикэ партым и Кьэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ кьудамэр, «Мамырыгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ» Урысейпсо политикэ партым и Кьэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ кьудамэр, «Щхьэнтэхэр» Урысейпсо экологие партым и Кьэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ кьудамэр.

Іуащхьэмахуэ лъапэ цІыху кІуапІэу ялъытэ

Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и администрацэм и Іэтащхьэ Соттаев Къурмэн къызэрыджиІамкІэ, мы куэйм и Іэнатіэ нэхъыщхьэхэм - сырыем елджь Іэнатіэм, ухуэныгъэм, транспортым, щІэкІэ Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэзыгъэкІ Іэнатіэм и 2007 гъэм щыІуэ 590-м щІигъу и уасэ лэжьыгъэ ирагъэкІуэкІащ.

ПСОМ хэмыдзэу щІэгъэхуэбжьауэ зеужь курорт-рекреацэ комплексым. Іуащхьэмахуэ лъапэ и курортыр Урысейм и бгылъжэ туризмэм и Іыхьэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ. Абы хиубыдэ хъэщІэщ комплексу 39-м зэуэ турист 4250-рэ ирагъэблагъэф. Ревыным туризмэмкІэ и комплексым кьыбгъэдэкІыу нэгъабэ бюджет Іэнатіэ псоми налогыу сом мелуан 43,3-рэ хальхьащ.

Апхуэдэу курорт-рекреацэ комплексыр лэжьэфын папщІэ иужь ильэсхэм кьриубыдэу абы и Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм зегъэужьыным ахьшэшхуэ трагъэкІуэдащ бюджет зэмылІэужьыгъуэхэм, цІыху щхьэхуэхэм. Езы комплексым хиубыдэ Іуэхущ1апІэхэм зэрызэужьыным кьыдэкІуэу, гулъытэшхуэ хуащІ зэрыщытну курортым и инфраструктурэм зегъэужьыным, жылагъуэхэр псыкІэ, энергиекІэ зэрызэрагъэпэщыр егъэфІэкІуэным.

Республикэм бюджетым и мылъкукІэ зэрагъэпэщыжащ Азау, Чегет, Нартсанэ хуейкэм хуэкІуэ гъуэгуэхэм хиубыдэу Бахьсэн псым телъ лъэмыжхэр, Адыр-Су, Адыл-Су ауэхэм щыІэ гъуэгухэр. Азау хуейм нэс кІуэ федеральнэ гъуэгум Чегет и къэгъэщыпІэм щегъэжьауэ уэздыгъэхэр щыІадзащ. Апхуэдэ лажьыгъэхэр щекІуэкІащ районым и жылагъуэхэми. ЩІэгъэхуэбжьауэ зауэжь курортым и хьащІэщхэми.

ХЬЭПЭ Марин.

Я зэхуэщытыкІэр йокІакІуэ

Индиием и МВД-м и унафэщІыр мэлъаІуэ и кьулыкъум трагъэкІыну. Мумбаи кьыщыхьуа терактхэм я ужькІэ и Іэнатіэр щІыгъынкІэ щыгъынкІэ кьемыдзэгъы кьелыгъэ абы.

А къэхъуакІэр щыщІэдзауэ ми нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми Урысеймэ Индиемэ я президентхэр тепсэльыхьынущ, а къэралым Медведев Дмитрий мыгувэу кІуэнущи. Урысеймрэ Индиемрэ дунейпсо терроризмэм пэщІэтынымкІэ зэгъуэгъуэ кьызэрагъэпэща дежькІуэ гупым и зэІущІэри аращ зытриухэнур.

Мумбаи къыщыхъуам а къэралитІым я зэхущытыкІэр апхуэдизкІэ зэІигъэхьащи, Пакистанымэ и дзэр зауэм хуэхьэзыру иІыгъщ.

Саакашвили зыкъеуцыжьыр

«Осетие Ищхэм зауэр мы гъэм и щыщхьэІум щыщІэзыдзар Грузиераш», - зыкъеуцысыжащ Курхэм и президент Саакашвили Михаил.

Ар абыкІэ ягъэхъуанщэ Грузием и политик нэхъыбэм. Мы зэм Саакашвили и Іуэхуэ утыку кьызыхьар адыгхэр и кьулыкъум текІа, кьэрал гъунапкъэр зыхьымэ полицэм и унафэщІу щыта Бицадзе Бадрищ.

Зэрыщыту кьагъэнэж

ОПЕК-м хьыхь кьэралхэр зэгурыІуащ щыІадзэу кьыщІахьы и бжыгъэр зэрыщыту кьагъэнэж.

Абы хьыхь кьэралхэм щыІадзэмкІэ я министрхэр Каир щызэІущІат, щыІадзэ Іуэхуэм унафэ тращІыхьыну. ОПЕК-м и Генеральнэ секретарь Салем аль-Бадри Абдалла щыщыІысыпсалъэм кьызэрыхигъэщамкІэ, щыІадзагъэм и уасэм хэхъуэнукъым зы ильэс ныкъуэ хуэдизкІэ. Ар Урысейм и фейдэ зыхэмыльІуэхущ.

(РИА-НОВОСТИ).

◆ ПщылІыпІэр гъэкІуэдыным и дунейпсо махуэщ. 1949 гъэм дыгъэгъазэм и 2-м ООН-м и Генеральнэ Ассамблеем кьыщтат щІыхуэхэр щэным, залымыгъэкІэ я ягъэпщылІыным зэрыпэщІэт Конвенцэр.

◆ Хъэрыл Эмират Зэгуэтхэм я лъэпкъ гуфІэгъуэщ - ОАЭ-хэм я ралыр 1971 гъэм кьыщыунэхуа махуэщ.

◆ Дыгъэгъазэм и 2 - 5-хэм Гаагэ кьалэм (Нидерландэм) щызэхэтынущ химиеІэщІэ гъэкІуэным теухуа Конвенцэм Іэ щІэзыдза къэралхэм я 13-нэ зэІущІэр.

◆ Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 7-р дакьикъэ 21-м, кьуэхьэжьнущ сыхьэт 16-рэ дакьикъэ 31-м.

◆ Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакьикъи 10-рэ.

ПІлапІэмэр зыгъэхьэзырыр ГЪУПЩІО Зарифби.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Дунейм и фыгъуэр узыншагъэрщ, дунейм и тхьэгъуэр лъагъуныгъэрщ.

● Хъыбар гуапэ

Пэрытхэм яхоувэ

Урысейм и Ищ щІыналъэм и кьалэхэм ящыщу инвестицэ Іуэхуэкіэ жыджэрагъ зыхэлъ кьелиблым хабжащ. НыбжьыкІ. А хьыбарыр кьитащ апхуэдэ кьэхутэныгъэхэр езыгъэкІуэкІа «Эксперт» федеральнэ журналэ щІэрыІуэм.

БИЗНЕС Іуэхуэхэр щебгъэкІуэкІыныжкІэ кьалэхэм яІэ Іэмалхэр кьихутэн мурадкІэ, «Эксперт Юг» аналитикэ центрым проект хэха иубыхуащ. Абы кьызэрыщыгъэльэгъуамкІэ, кьалэм зэрызиужь щІыкІэр кьэпщІэфынущ, Іуэху зыбжанэкІэ кьэхутэныгъэхэр ебгъэкІуэкІмэ. Апхуэдэу мыхьэнэшхуэ зиІэхэм ящыщщ щІыпІэм властым щиІэ щІэмрэ абы зэфІех лэжьыгъэ пэрытхэмрэ, хьэрычэтыщІэхэм ягъуэт гулъытэр, телекоммуникацэмрэ транспортымрэ зэрызыщащэр, нэгъуэщІхэри.

Апхуэдэ унэтІныгъэхэмкІэ Урысей Ищэм щыІнэхъыфІхэм ящыщ хьэщІ Налшык. Ди кьалэщхьэм хьэщІэжьу, инвестицэ жыджэрагъ яхэлъу кьалытащ Дон Іуэ Постов, Краснодар, Волгоград, Новороссийск, Астрахань, Мейкьуапэ кьалэхэр.

МЕЧИЕВ Асхъэт,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

● Гулъытэ

Сабийхэр ягъэгуфІэ

Республикэм ис хьэрычэтыщІэхэр, «Деловая Россия» урысейпсо жылагъуэ зэгуэныныгъэм и кьуажэмэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм и лыкІуэхэр щыІащ зи узынщагъэм сэкъат иІэу кьаІыхьауэ сабийхэм я интернат Налшык дэтым.

Сабийхэм хуахьа хьэпшынхэм, Іофшэн-Іофшэн, тельбицыкІухэм кьищынэмыщІауэ, хьэщІэхэм здашат цІыкІухэм я гукъыдэжыр къэзыІэтын ажэгъафэхэри. «Мыпхуэдэу сабийхэр гуфІэу зэхэмысэжащ щытлъагъуэ. Абыхэм я нэгу зэбгъэужьынырэ псапэмкІэ кьащІынэжьхьым, - жаІащ интернатым и лэжьакІуэхэм икІи хьэщІэхэм фІыщІэ хуащІащ апхуэдэ гулъытэм папщІэ.

ХьэрычэтыщІэхэр зэгурыІуащ Імал зэрифІэкІэ интернатым дэІэпыкъуну.

Куэдым я сэбэпу

Налшык дэт 3-нэ поликлиникэр иджыблагъэ зехьэн яухащ, уиІащІэхэри зэрахьэхьащ.

А псори зи фІыщІэр «Зыуэ щыт Урысей» партыми и кьудамэу КъБР-м щыІэрщ. «Абы и лэжьакІуэхэм дыкъагъащІэхъуркъым. Уи кьалэныр тэмэму бгъэзащІэныжкІэ ущылажьэ пэщхэм я щытыкІэм куэд иІыгъщ, - жеІэ поликлиникэм и докутыр нэхъыщхьэ КІашэ Людмилэ. - Куэд цІыху дигу кьеуэ Іуэхуэхэр тхуэзэфІахащи, тыншу дызэзэщІэфынущ ди пщэрыльхэр».

ДЗЭГЪАЩІТЭ Азэмэт.

«Адыгэ псалъэр» кьыфІэрыхьэну фыхуеймэ Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу кьыдогъэкІыж 2009 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм кьыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэр сом 356-рэ кІэпейкІи 10-рэщ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и почт Іуэхущ1апІэ псоми.

Ди индексыр 51531





Урысбий Хьэмидбий.

● Нобэ Ахъшэ хъуманІэм и дэжьакІуэхэм я махуэщ

Гъащ1эр зыдефІакІуэ Іуэхущ1апІэ

1990 гъэм дыгъэгъазэм и 2-м кьыдэкІат «Урысей Федерацэм и Банк Нэхъыщхьэм (Урысейм и Банкым)» теухуа унафэр. Араш СССР-м я Къэрал банкым и кьалэнэр кьэзыщтари. А унафэмкІэ Урысейм кьыщызэрагъэпэщын щІадзат иджыпей финанс-кредит системэр.

А ГЪЭМ Урысбий Хьэмидбий КъБАССР-м и Ахьшэ хъуманІэм и Бахьсэн кьудамэм и унафэщІу лажьэрт икІи и щІыкІэпІи кьыхэхуэрэтэкъым Урысей Федерацэм и Ахьшэ хъуманІэм хьыкІэ Кьэбэрдей-Балькъэр кьудамэм и унафэщІ илъэсипщІ ныкъ дэмыкІыу зэрыхьунущ.

Вознесенский Н.А. и цІэр зезыхьэ Ленинград щыІэ финанс-экономикэ институтыр кьиуха ныжь, республикэм кьызэригъэзэжу, 1981 гъэм Хьэмидбий лэжьэн щыщІидзащ КъБАССР-м и Къэрал планым. ССР-м и финанс ерджапІэхэм щыщ нэхъыфІыр кьэзэпхуэ щІалэр, дауи, лжьэвапІэншэу кьэнэнутэкъым. 1986 гъэм ар яГъэуващ Бахьсэн Сберкассэ нэхъыщхьэм и унафэщІым и кьуэдзэу.

(КІэухыр 2-нэ нап.).



ЗэхъуэжьныгъэфІэхэр кьрокІуэ

КЪРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *«Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектыр щыналъэм зэрыщагъэзащІэм теухуа зэІущІэ иджыблагъэ республикэм и правительствэм щекІуэкІащ.*

ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭМРЭ щІэныгъэмкІэ министр Шаповаловэ Ириндж зэхъуэжьныгъэмкІэ, «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым и фІыгъэкІэ Іэнатіэм зэхъуэжьныгъэфІэхэр иГъуэтащ. Псалъэм папщІэ, щІыналъэм и курыт гъэкъуэным теухуауэ къэралым и Президентым зэрызыхуагъазэ тхыгъэхэм.

Парламентым и лэжьыгъэр кьызэгъэзэпэщынымкІэ, регламентымкІэ, депутат щэнхабзэмкІэ комитетым и унафэщІ **Махуэ Владимир** кьинсэльам едаІуэри, Президиумым хэтхэм унафэ ящІащ КъБР-м законхэр кьыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и ЩІыхь тхылъыр Евтушенко Галинэ Николай и пхъум - «Бэрбэч Хь.М. и цІэр зезыхьэ Кьэбэрдей-Балькъэр къэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт къэрал еджапІэм и медицинэ факультетым терапиемкІэ и кафедрэм и доцентым, Сокъур Евгение Михаил и пхъум - «Урысей» хьэщІэ» ООО-м и генеральнэ директорым иратыну.

Президиумым и зэІущІэм хиубыдэу Правительствэм хуэхаха сыхэтым кьышІэтащ - 2008 - 2011 гъэхэм Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм ущыпсэункІэ щынагъуэу щыт и унэхэм щІэсхэр гъэІэпэхъуэныр», «2008 - 2011 гъэхэм Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм фэтэр куэд хьу и псэупІэ унэхэр зыхуэят хуэзэу зэгъэпэщыжыныр» республикэ программэхэр гъэзэщІэным зэрелэжьыр.

БАТЫР Любэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

ЩІэджыкІакІуэхэм ядоІэпыкъу

АДЫГЕЙ. *Республикэм адыгэбзэкІэ ...кьыщыдзкІ «Адыгэ мак» газетымрэ щыналъэм и уэрэджыкІуэ щэрыІуэхэмрэ псапащІэ Іуэхуэгъуэ иджыблагъэ ирагъэкІуэкІащ.*

«ДИ ЖЭРДЭМЫР кьыдэзыІыгъа уэрэджыкІуэхэм иджыблагъэ ята концертым кьыхэкІа сом мини 110-мкІэ «Адыгэ макъым» етІанэгъэ яІэрыхьэнущ хуэмышІауэ псэу щІэджыкІакІуэ 1100-м. Иныжкъ етІуанэ хьуауэ едгъэкІуэкІ мы псапащІэ Іуэхум адэкІи кьыпытщэну ди мурадщ», - жиІащ газетым и редактор нэхъыщхьэ Дербэ Тимур.

НэгъуэщІ зы Іуэхуфіи кьыхилъхьащ «Адыгэ макъым». ЩІэджыкІакІуэхэм я бжыгъэм хагъэхьэн мурадкІэ, газетыр щІыхуэм яІэрегъэхьэ езы редакцэм, икІи сом 120-рэ кьахуэдгъахуэ. Ар япэу щрагъэкІуэкІащ Теучэж районым. Редактор нэхъыщхьэм зэрыжиІамкІэ, а лэжьыгъэр тэмэму зэтеухуа хьумэ, абы кьыпащэнущ адрей куейхэми.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Ди газетым зэрытетащи, КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен республикэм и муниципальнэ районэхэмрэ къаэр округэхэмрэ я Iэтащхьэ хэм ядригъэкIуэкIа зи чэзу зэIущIэм щытепсэлъыхьащ Дзэлыкъуэ. Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районэхэм я социально-экономикэ щытыкIэр зыхуэдэмрэ абыхэм я зыужьныгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэмрэ.

● Iуэжухэр ефIэкIуэн папщIэ

Зыужьныгъэм и хэкIыпIэхэр яубзыху

ЯПЭУ къэпсэлъапIэр хуит зыхуаIа, Дзэлыкъуэ куэй администрацэм и Iэтащхьэ **Шэт Мэчрэпи**я зэрыжиIамкIэ, КъБР-м и Президентым и унафэкIэ 2007 - 2011 гъэхэм Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и социально-экономикэ зыужьныгъэм и программэ зэхэтыхьауэ мэлажьэ. Абы ипкъ иткIэ, районым инвестицIэхэр кьыхечэлъхэзыныкIэ гъэкьыдыгъэ жьджэр йокIуэкI. 2008 - рэ жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу инвестицIэ ахъшэу сом мелуан 90,7-рэ яIэрыхьащ, илъэсым и кIэм ирихьэлIэр сом мелуани 142,7-рэ хъуну хуагъэфащэ. Районым зыужьныныкIэ щIэтхъыкIуэ ныбжьыфI хъунущ Сэрмакъ цемент завод щыхуэзыщ. НобэкIэ куейм и псэуКIэр нэхъыбэу зэпытар агропромышленнэ комплексыщ.

Щэтым кьыщэрыхиГьэщамкIэ, 2007 гъэм мэкъуэмщхэкIыу сом мелуан 1777,1-рэ къаIэжьащ. Мы гъэм а бжьыгъэм щIрагъэгъуну мэгугъэ. Районым щыIэ агропромышленнэ комплексым кьыззщIедыдэу мэкъуэмщ предприятэу 15, щхьэзаекъуэрыплажьэу 25-рэ, фермер хозяйствэу 4. Iэщ лIэужьжьыгъэу, джэдкъазу ягъэхъум и бжьыгъэр зэрыжъыдэр нэрылъагъуащ, абы и фIыгъэкIи гъэшIу, лыуэ хьащIэжьыр нэ хъыбэ хъунущ. Кьыхэгъэщыпхъэщ «АПК-м зегъэужьыкIи» къэпкъ проектым ипкъ иткIэ, «Урысейм и мэкъумэщ банк» ОАО-м и щIыналъэ къудамэм сом мелуаниз 122,7-рэ уней, подсобнэ хозяйствэхэм кредиту зэраритар, абыкIэ Iэщыщхуэу 2454-рэ кьыззращэхуар.

Къуажэдэсхэм я псэуКIэр егъэфIэкIуэным и гугъу щищIым, куейм и Iэтащхьэ щхьэхуэу къыгурыIуащ «2012 гъэ пщIондэ къуажэхэм зэрызэужьыныр» программэм ипкъ иткIэ, нэгъабэ псэупIэ мэтр зэбгъуэнатIэу 1026-рэ (сом мелуан 11-м нэблагъэ и уасэ) зэраухуам, абы уиагъэу 17-м я Iуэхур нэхъ тыншу зэрищIам. Уэрэныгъэм хуэхэа субсидиеизэр зратыныхэм я бжьыгъэм районым щыщу унагъуэ 22-рэ хатхащ.

- 2007 - 2008 гъэхэм районым и социальнэ, экономикэ зыужьныныгъэм и программэм кьыззрыщIыгъэтхъугъуэм хуэдэу егъескъыпхъэм елэжь предприятэхэр кьэтхъущIэрэщIэжьыным, щIэхэр хуэныкъуэ дыхунэсэ, 2011 гъэм и кIэм ерыскъыкIыу районым кьыщIалэжьыныщ сом мелуан 500-м щIигъу и уасэ, апхуэдэуи цыхьэ иныбмэ нэблагъэм гъэжьапIэ Iэнатlэ ягъэуэтынущ, - жиIащ Шэтым.

Ар щхьэхуэу кьыг еувыIащ псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэм, уэхэныгъэ комплексым, транспортым. Апхуэдэу дыззрыт илъэсым Хьэбзэ къуажэм сабий сад зэрыщаухуар, сом мелуани 2-рэ мини 180-рэ и уасэ псы бжьамийхэр къуажэхэм зэрыщIэзыраХъуэжьхэр, сом мелуани 2-рэ мин 627-рэ и уасэ хуэдэ кIуапIэхэр щIэкIэ зэрахъуэжар жиIащ кьэпсалъэм. КъащIыкIэмкIыщIауэ, Дзэлыкъуэ куейми Къэбэрдей-Балъкъэрмий иФ зыхъэпэ зыгъэпсэхупIэхэр гъэхъэзыныкIэ гъэжьныгъэ зэрекIуэкIым, аехэр зыхуэдэм тепсэлъыхьащ.

- «Уэрыншагъэ» лъэпкъ проектым и фIыгъэщ районым и демографие щытыкIэр зэрефIэкIуар, ди дохутырхэм я Iэзэгъым зэрыхагъахъуэр, сымаджэщхэм мыльку и лъэныкъуэкIэ я Iуэхур зэрефIакIуэр, - кьыпищащ адэкIэ Шэт Мэчрэпи.

Абы и отчетым кьыхигъэщащ щIэлэр егъэджэным, Щэнхабзэмкlэ унэхэм я гъэжьэкIэм, спортым, физкультурэм зегъэужьыным хуащI гулыитэр. Апхуэдэуи абы зэпIкьрихащ хьэрычэт Iуэху мыиным зегъэужьыным, районым и финанс щытыкIэр егъэфIэкIуэным хуэгъэпсаУэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэр.

АдэкIэ псалъэ зрата, Iуащхьэмахуэ районым и администрацэм и унафэщI **Согтаев Къурмэн** кьыззхуэсахэм я пащхьэ къриплъхащ зи Iэтащхьэ куейм и щыIэкIэ псэуКIэр, зыужьныныгъэм и 1026-рэ (сом мелуан 11-м нэблагъэ и уасэ) зэраухуам, абы уиагъэу 17-м я Iуэхур нэхъ тыншу зэрищIам. Уэрэныгъэм хуэхэа субсидиеизэр зратыныхэм я бжьыгъэм районым щыщу унагъуэ 22-рэ хатхащ.

- 2007 - 2008 гъэхэм районым и социальнэ, экономикэ зыужьныныгъэм и программэм кьыззрыщIыгъэтхъугъуэм хуэдэу егъескъыпхъэм елэжь предприятэхэр кьэтхъущIэрэщIэжьыным, щIэхэр хуэныкъуэ дыхунэсэ, 2011 гъэм и кIэм ерыскъыкIыу районым кьыщIалэжьыныщ сом мелуан 500-м щIигъу и уасэ, апхуэдэуи цыхьэ иныбмэ нэблагъэм гъэжьапIэ Iэнатlэ ягъэуэтынущ, - жиIащ Шэтым.

Ар щхьэхуэу кьыг еувыIащ псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэм, уэхэныгъэ комплексым, транспортым. Апхуэдэуи дыззрыт илъэсым Хьэбзэ къуажэм сабий сад зэрыщаухуар, сом мелуани 2-рэ мини 180-рэ и уасэ псы бжьамийхэр къуажэхэм зэрыщIэзыраХъуэжьхэр, сом мелуани 2-рэ мин 627-рэ и уасэ хуэдэ кIуапIэхэр щIэкIэ зэрахъуэжар жиIащ кьэпсалъэм. КъащIыкIэмкIыщIауэ, Дзэлыкъуэ куейми Къэбэрдей-Балъкъэрмий иФ зыхъэпэ зыгъэпсэхупIэхэр гъэхъэзыныкIэ гъэжьныгъэ зэрекIуэкIым, аехэр зыхуэдэм тепсэлъыхьащ.

- «Уэрыншагъэ» лъэпкъ проектым и фIыгъэщ районым и демографие щытыкIэр зэрефIэкIуар, ди дохутырхэм я Iэзэгъым зэрыхагъахъуэр, сымаджэщхэм мыльку и лъэныкъуэкIэ я Iуэхур зэрефIакIуэр, - кьыпищащ адэкIэ Шэт Мэчрэпи.

Абы и отчетым кьыхигъэщащ щIэлэр егъэджэным, Щэнхабзэмкlэ унэхэм я гъэжьэкIэм, спортым, физкультурэм зегъэужьыным хуащI гулыитэр. Апхуэдэуи абы зэпIкьрихащ хьэрычэт Iуэху мыиным зегъэужьыным, районым и финанс щытыкIэр егъэфIэкIуэным хуэгъэпсаУэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэр.

АдэкIэ псалъэ зрата, Iуащхьэмахуэ районым и администрацэм и унафэщI **Согтаев Къурмэн** кьыззхуэсахэм я пащхьэ къриплъхащ зи Iэтащхьэ куейм и щыIэкIэ псэуКIэр, зыужьныныгъэм и 1026-рэ (сом мелуан 11-м нэблагъэ и уасэ) зэраухуам, абы уиагъэу 17-м я Iуэхур нэхъ тыншу зэрищIам. Уэрэныгъэм хуэхэа субсидиеизэр зратыныхэм я бжьыгъэм районым щыщу унагъуэ 22-рэ хатхащ.

- Мыльку нэхъыбэ хьридIэжьу ди районым иIэ Iэнатlэплым (мэкъумэшхэкIэм елэжь, уэхэныгъэ, транспорт, пщIэкIэ зэфIагъэкI Iуэхутхъэбзэхэр) кьаплэкIуэ хэхъуэр процент 21,4-кIэ нэхъыбэ хъуащ, ар сом мелуан 591,4-рэ мэхъу. Районым и предприятэ нэхъ лъэщ хэм, нэхъыбэ кьэзыгъэжьхъэм ящыщ «Къэббалъкъгипс» ООО-р. Абы зы илъэсым продукцэу тонн мини 100-м щIигъ кьэщIегъэкI. КьищынэмыщIауэ, абы и IуэхущапIпIщ кьэщIэзыIунхащ Урысейм и хэгъэгуэхэм. Iуащхьэмахуэ куейм и промышленностыр ефIэкIуэныжьмкIэ гъэзэпышхуэ хъуащ Тырныауэ комбинатыр кьыззрыдгъэщIэрэщIэжар, техникэ и лъэныкъуэкIэ гъабжьэфI иIэ зэпрыхъуар.

ЗэфIагъэкIа Iуэхуэм щытепсэлъыхьым, Соттаевым кьыхигъэщащ Тырныауэ кьаIэм зэблэмыууэ хуабэр Iэрагъэкъэ папщIэ хьэку цыкIуи 9 зэрагъэувар, абы республикэ бюджетым кьыхэкIа сом мелуани 134-рэ зэрытрагъэкIуэдар. Апхуэдэуи сом мелуани 7,4-рэ и уасэ псы, хуабэ кIуапIэкIэ кьуажэхэм щыззэрахъуэкIащ. Дяпэкlэ я мурадщ кьат куэду зэтет псэупIэхэм, еджапIэхэм, сымаджэщхэм я унащхьэкIэ зэрахъуэжьну.

Куейм и жылагъуэ псоми уэрямэхэр зыгъэнэхуэ уэздыгъэхэр зэрыщыIафIадзар, Тырныауэ кьаIэм и гъэуэгуанлометри 10-м асфальт зэрытрагъахъар. Прохладнэ - Iуащхьэмахуэ федеральнэ гъэугум лъэмыжищ зэрыщызэрахъуэкIар кьыззкъуэсахэм яжриIащ Соттаевым. Апхуэдэу мэкъуэмщ Iуэхущапхъэу «ЛашхIутIэ» ООО-р, «Кенделен» ООО-р, «Мадар» фермер хозяйствэр нэхъ жыджэру зэрыплажьэр кьигъэлъэгъуащ.

- КъБР-м и щIыналъэ экономикэ политикэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ Iуащхьэмахуэ лъапэ рекреацэ-туристкомплексым зегъэужьыныр, ар Урысей туризмэм и лъапсэ хэм ящыщ щIыныр, - пищащ адэкIэ Соттаевым. - Иджыпсту Iуащхьэмахуэ районым хьэщIэщ 39-рэ щолажьэ. Абы щыщу 30-р хьэрычэт Iуэху мыиным хэжьэ, ахэращ шхапIэ щыкIуэр зэрыгъэлажьэр. Къэбгъэлъагъуэмэ, 2007 гъэм щыпIэ, район, республикэ бюджетым сом мелуан 43,3-рэ кьахуихащ турист комплексым.

2007 гъэм налогыу сом мелуан 48-рэ кьыщыхэтхащ районым. Ар зыкъомкIэ нэхъыбэщ блэкIа илъэсхэм дIа хэхъуэм нэхърэ. Дигу зыхуэмызагъэхэм ящыщщ ди районыр бюджетым зэрелъытар зэрыщымащIэр. Ауэ налог кьыхэтхыр гъэбгъуэным, инвестицIэ кьыхегъэлъхъэныным, бдэжэнд уасэр хэгъэхъуэным т еухуауэ нобэ едгъэкIуэкI Iуэ хуэхмкIэ ди гугъэш 2009 гъэм ди бюджетыр нэгъуэщI бюджетхэм зэрыхуэныкъуэр процентти 10-кIэ дгъэмэщIэну.

Куейм щекIуэкI лэжьыгъэр нэхъыбэу зыхуэгъэпсар щыхуэр нэ хъыфIу гъэпсэныращ. Абы хохьэ Iэнатlэкlэ, псэупIэкIэ кьыззгъэпэныныр, щIэныгъэ Iуэхутхъэбзэ игъэуныщ. Абы ипкъ иткIэ, 2008 гъэм Гундэзэн кьуажэм кьыззщIэутхащ иджыредI мардэхэм изагъэ сабийгъэсапIэ курыт еджапIэ. «Евразийскэ» лъэпкъ проектым и фIыгъэкIэ, зэрыгарэгъэжэн Iэмэпсымэхэмкlэ Iэнатlэр зыхуэят хуэзащ, сом мин 938-рэ и уасэ унэлъащIэхэр. Хьэпшыпхэр школхэм щIэдгъэуващ, автобусиб 6 кьыштIэрыхьащ.

- Уэрыншагъэр хьумэн Iэнатlэм щытепсэлъхьыным, куей унафэщIым кьыхигъэщащ зыхуэдэ Iащхьэлгъэхэм зэрахуримыкъуар, зыныкъуэ сымаджэщхэм Iэмэпсымэхэр зэрамыIэр, нэгъуэщIхэри.

ИкIэщIыпIэкIэ районым щыззэфIэгъэзэкIын хуейуэ унафэщIым кьыпытэхэр кьыщIрибжэкIым кьитэлъэгъуар: Iуащхьэмахуэ - Тырныауэ - сом мелардиблым нэблэгъащ. ИтIанти, Сбербанкым ахъшэр кьемэщIэкIырт, абы тIукIэ нэхъыбэ хуэгъэлэжьэнут.

-Кавказ Индустрэм и ахъшэ хуэмащIэ системэм зэзэрыютыр ягу ириныкъу, ди щхьэ и унафэ тущIыжмэ нэхъыфIу кьэзыпытэхэрэ щыIэнкIи хьунщ, ауэ а системэм дызэрыхьыхьам и сэбэпшхуэ кьыхэкIаш мы гъэм: ди гъэжьапIэм зедгъэубгъун папщIэ ахъшэ зэрыгъуримыкъуар щыжьитIэм, Кавказ Индустрэм и Сбербанкым кьэтхуиутыпщащ сом мелардИ 4,5-рэ, - жиIэ Урысбийм.

Ар республикэм и Сбербанкым и унафэщIу зэрыплажьэрэ, псом хуэмыдэжу зызыIужьыкар кредит тынкIэращ. Абы и щIыналъэ ахъшэ кьыхуэмыIэм и деж цыху мин 43-м кредит зэмылIэужьыгъуэхэр кьыззрыщащтар. Абы щыгъуэми, щIыхуэу яIыгъыр и чэзум кьеезымытыжьыфахэм я бжьыгъэр зы процентым зэрыщIигъу щIэжьыным.

Республикэм и Iуэхущапlэхэмэ щыщу процент 50-м кьаГъэсэбэп Сбербанкым и Iуэхутхъэбзэхэр. Икlи кредитым хуэныкъуэхэм я бжьыгъэм зэпымыууэ хэхъуэ зэпытщ, республикэм и хьэрычэтыщIэ Iуэхуэхэр зэрефIакIуэм, цыхухэмэ кьаХуэлэжь ахъшэм зэрыхэхъуэм кьыхэкIыу. Апхуэдэу Iуэхущапlэхэмэ щыщу цыхухэщ кьэс зым мы ахъшэ хьумэнIэм кредит кьыщищтащ.

Сбербанкым и кредитхэм я фIыгъэкIэ, республикэм зыубгъуауэ зыщIежь ухуэныгъэ Iэнатlэм. Нобэкlэ абы IэщIэльмылькуу сом зы мелардр мелуан 500-рэ хуиутыпщащ ухуэныгъэ проект инхэм. Икlи нэхъыбэр зыхилъхьар псэупIэ унэхэр уху эхращ. Иужьрей илъэситым кьрипубыщу Сбербанкым и кредитхэр кьыззрагъэсэбэпам и фIыгъэкIэ, унагъуэ 3500-м я псэупIэхэр нэхъыфIкIэ яхъуэжащ.

Иужьрей илъэсхэм Сбербанкым хуэзэфIокI зыубгъуауэ республикэм и инвестиционнэ лэжьыгъэм хэтыну. Апхуэдэу инвестицIэм и проект зыбжанэм абы сом мелардИ 2-м нэс хилъхащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ зи лэжьыгъэрефIэкIуа предприятэхэм ящыщщ Налшык и хьэлэв заводыр, Тэрч и налмэсхэкI заводыр, «Агро++», «Каскад» акционер обществэхэр, нэгъуэщIхэри. Бахъсэн пэмыкIыжьу щащI хуабэщ лъэрызехьэхэри (тоннищэ бжьыгъэкIэ гъэмахуи щымахуи хадэхэкIэр щагъэкIынухэр) зэраухуэр Сбербанкым ярита ахъшэщ.

- Иужьрей зэманым ди республикэм инвестицэхэмкlэ проектыфIкуд кьыщыхалъхьэ хъуащ. Дэ ящыкIи зы сомелард дилэщ, апхуэдэ проектхэм хуэхтх хъунуи, кьаГъэльагъуэ псомиз набдзэгубдзапIъуэ дыхоплъэ, нэхъыфIхэр кьых эгхыу ахъшэ яхуэдэуIыпIщынкIи ди мурадщ, - кьыхегъэщ Урысбий Хьэмидбий.

Ахъшэ хъумапIэм хэлъ уи ахъшэр жэщыбгми укIуэу кьыхэпхьэк хъуну ильэсибл и гъэ зыужраIа цыхьэм и ауан укъащынут. Нобэ абы зыри гъэшIегъуэ зэну хэлъыккъым, Сбербанкым и картэ уиIэн хуейуэ аркъудейщ. Мис апхуэдизкIэ зиужващ а ахъшэ хъумапIэм и Iуэху зехьэкIэм. Урысбий Хьэмидбий псом хуэмыдэжу иропагэ абджыпс дахэмрэ гъущI-бетонымрэ кьыхэсыщIыкIауэ Налшык и кьалэхэм щауху Сбербанкым и лэжьапIэ уэ нэхъыщхьэм.

- Кавказ Индустрэм и республикэхэм апхуэдэ лэжьапIэ уэ зиIэ яхэткъым. Нобэкlэ дыщылажьэр общежитиу щыта, кьатищу зэтет унэщ. Абы и пэшхэр кьыдомэщIэкI. Си фIэщ мэхъу а унэрэ ди Iуэхур ефIэкIуэным зэрытелэжьэнур, - жиIэ Урысбий Хьэмидбий.

ГУЩIО Зариф.

Урысбий Хьэмидбий Хьэжмурид и кьуэм 1981 гъэм Ленинград дэт финанс-экономикэ институтым кьеуэри, а гъэ дыдэм КъБАССР-м и Къэрал планым лэжьэн щыщIидзэ. 1986 гъэм Бахьсэн и Сберкассэ нэхъыщхьэм и унафэщIым и къуэ, 1988 гъэм - КъБАССР-м и Сбербанкым и Бахьсэн кьудамэм и унафэщIу, 1993 гъэм Кьэбэрдей-Балъкъэр Сбербанкым и унафэщIым и яп кьуэдзэу мэлажьэ. 2001 гъэм ар хах Урысей Фе дерацэм и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и унафэщIу. Унагъуэ, бынищ иIэщ. Iуэхущапlэ зыIутым и махуэмкIи, пажьибгъэ я пашхьэкIи ирахъ 50 зэрырикъамкIи ди гуапэу дохъуэхьу.

Гъащ Iэр зыдефIакIуэ Iуэхущ Iапl э

(КIэухыр. Пэщ Iэдзэр 1-нэ нап.)

АдэкIэ абы и илъэс бжьыгъэхэм тынщу псори кьаГъэльагъуэ, нэхъыщхьэм фIэкIа къэмынэу: махуэ кьэс, зыпэрыувэ кьулыкъым ещанэ пытауэ, Хьэмидбий и лэжьыгъэ гугъур ирызэщащ псэ хьэлэлэрэ гу кьабзэкIэ, я Iуэхущапlэр зэрефIэкIуэным кьару псори хуиунэтIу.

Урысейм и Ахъшэ хъумапIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и унафэщIу Хьэмидбий щыхахар 2001 гъэращ. Къэралым и экономик эм хэъ зыкьыуэкьыжу щIидзат. ИтIанти, Iуэхущапlэр кьыззэрэщащтэжьым, - ахъшэ зэрабжьхэм я гугъу умыщIыхьи, автомашинэу тху яIэу арат. Абы щыщу зырат ахъшэ зэрыбгъэIэпхъуэным хуэщIар, адреиплIар «Москвич» фургонт.

Нобэ Къэбэрдей-Балъкъэр Ахъшэ хъумапIэм и Iуэху щытыкIэр нэгъуэщIщ: ахъшэ хъумапIэкэр зэрефIакIуэ щIыкIэр кьэзыгъэлъагъуэр я хэхъуэращи, мы гъэм и мазищIым кьырубгъуэ я ахъшэу Сбербанкым Iэщ Iэльыр нэблэгъащ сом мелуан 315-м.

А Iуэхущапlэм цыхубэ ахъшэ хъумапIэкIэ йо джэ, абы зу зэду цыхухэм дзыхь зыхуащI банк кьэралым эрэмыIэм кьыхэкIыу. Аращ щыIэ щхьэхуэхэм, Iуэхущапlэхэм я ахъшэ яIыгъым и бжьыгъэр щIыхьэхуар - сом мелардиблым нэблэгъащ. ИтIанти, Сбербанкым ахъшэр кьемэщIэкIырт, абы тIукIэ нэхъыбэ хуэгъэлэжьэнут.

-Кавказ Индустрэм и ахъшэ хъумапIэ системэм зэзэрыютыр ягу ириныкъу, ди щхьэ и унафэ тущIыжмэ нэхъыфIу кьэзыпытэхэрэ щыIэнкIи хьунщ, ауэ а системэм дызэрыхьыхьам и сэбэпшхуэ кьыхэкIаш мы гъэм: ди гъэжьапIэм зедгъэубгъун папщIэ ахъшэ зэрыгъуримыкъуар щыжьитIэм, Кавказ Индустрэм и хуащI Бахьсэн, Малкъ, Шэджэм, Шэрэдж псыхэр тафэтесэм кьащIэмыуэнын.

УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм мафIэсэм кIэлыплъныныкIэ и кьэралIуэхущапlэм и унафэщIым и кьалэнхэр щIалъэкIэ зыгъэзащIэ **Хьэжыкъар Мухьэмэд** и докладым кьыззрыщIыгъэльэгъуащ, КъБР-м и социальнэ Iэнатlэхэм мафIэс щынагъэуэнщагъэр кьыщыззгъэпэщыныкIэ 2007 - 2009 гъэхэм ятещIыхьа республикэ программэм ицкъ иткIэ мафIэс къэхъумэ, абыкIэ хьыбар кьозыгъащIэ Iэмэпсымэхэр щагъэуващ: КъБР-м Егъэджэныгъэм и Iэныгъэмкlэ и министерствэм и Iуэхущапlэ 90-м - сом мелуан 35-рэ и уасэ; УзыншагъэхъуэмэныкIэ министерствэм и уэ 15-м - сом мелуани 7-рэ мини 180-рэ и уасэу; Лэжьыгъэмрэ социальэ зыужьныныгъэмкlэ министерствэм и Iуэхущапlэ 14-м хуэхаа Iэмэпсымэхэм хуэзащI сом мелуани 5-м щIигъу. ЗэфIагъэкIа дежьыгъэхэм япэкIуэхэм ящыщу сом мелуани 8-рэ сом 500-рэ кьратыжажьым.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Iэзэщ Iэхэр

